



Pou Piblikasyon Imedya: 23/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO PASE FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM RAYIZANS NAN LAPOLIS ETA A ENSTRIKSYON POU LI EDE NAN ANKÈT SOU ATAK KONT PRÈT ENDOU A NAN QUEENS

"Mwen degoute poutèt atak kont yon prèt endou nan Queens, kèk blòk pi lwen sèlman tanp Shiv Shakti Peeth la. Zak vyolans terib, san eskiz sa a sou envestigasyon kounye a avèk posibilite krim rayizans.

Kèlkeswa kalite vyolans la kont lòt moun poutèt kwayans yo oswa ras yo, li ofanse tout Nouyòkè epi li repiyen prensip nou yo. Zak plen rayizans sa yo fèt pou mennen laperèz ak divizyon andedan kominote nou yo, epi nou dwe kanpe ansanm pou rejte konpòtman sa a touswit.

Mwen pase Fòs Entèvansyon kont Krim Rayizans nan Lapolis Eta a enstriksyon pou li ede NYPD nan ankèt li a pou garanti moun ki dèyè atak ba sa a sibi konsekans yo epi jwenn jijman nan tout mezi lalwa pèmèt sa.

Zak konsa yo pa sèlman bay degoutans - yo ilegal, epi nou p ap janm kite rayizans ak diskriminasyon divize nou nan New York".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)